


# KRAZE TÈT MIT CORONAVIRUS YO (COVID-19)

Me Sa Abitan Komin Orange yo Dwe Konnen

Tandike Coronavirus la (COVID-19) kontinye ap simen latèrè tout patou nan lemond, Sant pou Kontwòl Maladi [Centers for Disease Control (CDC)], Organizasyon Mondyal sou Lasante ak antite sante piblik yo nan lemond antye ap adrese tout movèz enfòmasyon sou maladi a.

Me kèk mit ak fè reyèl ki gen rapò ak viris la:

**MIT**



Si w gen Coronavirus wap mouri.

**FÈ REYÈL:** Se kategorikman fo. Daprè done aktyèl yo, nouvo coronavirus la ta sanble se yon kalite enfeksyon viral modere. An reyalyte, apeprè 80 pousan nan ka viris sa a klase kòm modere. Si w se yon granmoun aje oswa ou deja gen yon kondisyon medikal, ou dwe pran plis prekosyon, men se menm konsèy sayo doktè bay chak ane pou grip.


**MIT**



Manje lay ka ede anpeche enfeksyon avèk viris la.

**FÈ REYÈL:** Lay se yon bon aliman ki gen kèk eleman antimikwobik ladan. Sepandan, pa gen okenn prèv nan epidemi aktyèl la ki montre ke manje lay pwoteje moun kont nouvo coronavirus la.

**MIT**



Medikaman espesifik ka anpeche oswa trete viris la.

**FÈ REYÈL:** Jiska prezan, pa gen okenn medikaman espesifik ki rekòmande pou anpeche oswa trete nouvo COVID-19 la. Sepandan, moun ki enfekte ak viris la ta dwe resevwa swen ki nesèsè pou soulaje ak trete sentòm yo, epi moun ki gen maladi grav yo dwe resevwa gwo swen. Gen kèk tretman espesifik ki a letid epi yap teste yo atravè esè medikal.

**MIT**



Mete yon mask nan figi m ap pwoteje m kont viris la.

**FÈ REYÈL:** CDC pa rekòmande pou moun ki pa malad pou mete yon mask nan figi yo pou pwoteje tèt yo kont maladi respiratwa, tankou COVID-19. Ekspè yo fè konprann, mete yon maks nan figi w san vrè ajisteman ak bon fòmasyon ka an reyalyte rann ou pi riske paske ou pral pwoableman bezwen manyen figi w detanzantan pou ranje mask la nan figi w.


**MIT**



Viris la sèlman afekte moun ki aje.

**FÈ REYÈL:** Nouvo Coronavirus la ka afekte moun nan tout laj. Moun aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal pre-egziste yo (tankou opresyon, dyabèt, maladi kè) pi vilnerab pou vin gravman malad ak viris la. Tout moun dwe pran prekosyon ki nesèsè pou pwoteje tèt yo ak pwoteje lòt moun.


**MIT**



Ou ka pran maladi a nan yon koli ki soti Lachin.

**FÈ REYÈL:** Moun ki resevwa koli ki soti Lachin pa riske pou pran nouvo coronavirus la. Coronavirus pa siviv pou lontan sou objè, tankou lèt oswa koli.


**MIT**



Zannimo domestik ka transmèt viris la.

**FÈ REYÈL:** Malgre coronavirus te pwobableman transmèt de yon zannimo a yon èt-imen, aktyèlman maladi a ka gaye de moun a moun. Moun ki vwayaje ale Lachin dwe evite zannimo, ni vivan ni mouri, men pa gen okenn rezon ki pou fè nou kwè ke zanniimo an jeneral oswa zannimo domestik nan peyi Etazini se yon sous enfeksyon.

**MIT**



Antibiyotik bon anpil pou anpeche ak trete viris la.

**FÈ REYÈL:** Antibiyotik pa travay kont viris, se kont bakteri sèlman. Nouvo coronavirus la se yon viris, epi antibiyotik pa dwe itilize kòm yon metòd de prevansyon oswa tretman.


**MIT**



Rense nen regilyèman avèk dlo sèl ka ede anpeche enfeksyon.

**FÈ REYÈL:** Pa gen okenn prèv ki montre ke rense nen regilyèman avèk dlo sèl ka pwoteje moun kont enfeksyon nouvo coronavirus la. Gen kèk prèv limite ki montre ke rense nen regilyèman avèk dlo sèl ka ede moun refè pi vit si li te gen rim, men prèv yo pa montre ke rense nen ak dlo sèl anpeche enfeksyon respiratwa.

**MIT**



Vaksen kont nemoni ap pwoteje w kont viris la.

**FÈ REYÈL:** Vaksen kont nemoni pa bay pwoteksyon kont nouvo coronavirus la. Viris la tèlman nouvo ak diferan, li bezwen pwòp vaksen l. Gen efò kap fèt pou devlope yon vaksen, men sa ka pwobableman pran yon lane oswa plis.